


ANN BAY LODYANS 3

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 3

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 3

KIJAN POU M JWENN KÒB?

Vwala te gen yon zarenyen ki te razè nèt. Li di nan tèt li: "M bezwen jwenn kòb. Kisa pou m fè?" Msye kalkile anpil, epi li desann twal li, li kòmanse mache.



Pou kòmanse, li ale wè yon ti sourit. Li di li: "Ti sourit, bon zanmi mwen, tanpri prete mwen yon pyas. M a remèt ou li denmen vè midi." Ti sourit la reponn: "Dakò. Men yon bèle goud, sèlman pa blyie remèt mwen l. Denmen a midi m ap pase chache li." Zarenyen pwomèt: "Wi, ou mèt vini denmen a midi. M ap remèt ou li."



Answit li rive devan kay konpè Chat. "Bonjou, konpè mwen! Ban m nouvèl ou! Monchè, ou menm ou gen tout sa ou vle. Tanpri, prete mwen sèlman yon ti pyas, epi denmen vè midi m a remèt ou li." Konpè Chat reponn: "Dakò, pran goud sa a, men denmen a midi m ap pase pran l lakay ou, wi."

Zarenyen mache mache, li rive lakay mouche Chen. "Monkonpè Chen, m razè nèt. Ou pa ta gen yon ti pyas prete m? M a remèt ou li denmen a midi." Konpè Chen di li: "Men, pran sa. Denmen a midi m ap pase chache li." Zarenyen reponn li:

“Wi, pa gen pwoblèm. Ou mèt vini, m ap pare pou ou.”

Apre sa, zarenyen ale nan bwa. Li chache chache jouk li jwenn mouche Leyopa. “Konpè Leyopa, tanpri, mizèrikòd souple, prete mwen yon pyas. M a remèt ou li denmen a midi.” Leyopa di li: “Oke, m ap fè ou konfyans jouk denmen. Men yon goud. Pa blyie remèt mwen I, non. Denmen a midi m a pase chache I lakay ou.”

An dènye nèt, zarenyen al kay mouche Lyon. Li fè li lareverans jis touche tè. Li konnen kòm tout moun, mouche Lyon se wa zannimo yo. Li di avèk anpil respè: “Majeste Wa, granmèt mwen, fè mwen favè prete m yon pyas pou rive denmen a midi.” Mouche Lyon reponn li: “Se dakò, men mwen menm, m ap pase chache li lakay ou denmen a midi.” Zarenyen di: “Pòt lakay mwen toujou louvri pou mouche Wa.”

Zarenyen kontan nèt. Vwala kounye a **li** gen senk goud. San pèdi tan, li rantre lakay li. Denmen li konnen li pral resevwa vizit, men li pare.

Nandenmen, kèk ti moman anvan midi, li tandé nan pòt la: **tòk! tòk! tòk!** Yon ti vwa di: “Se **mwen** menm, **wi**, ti sourit.” Zarenyen di li byen fò: “**M ap vini.** Antre, ti sè **mwen**. **M** konnen sa k mennen

ou.” Zarenyen louvri pou ti sourit, epi li kòmanse rakonte li sa li te fè yè. Li pale, li pale. Ti sourit pa ka di yon ti mo.

Yon lòt moman, yon moun frape nan pòt la. Zarenyen mande: “Ki moun sa a?” “Myaw! myaw! se mwen menm, konpè Chat.” Zarenyen di li: “Tann yon ti moman. Map vini, wi.” Anvan li louvri




pou mimi antre, zarenyen di ti sourit: “Ey! Kache kò ou pou yon ti tan nan pyès dèyè a. Ou konnen sa mouche Chat ka fè si I wè ou la a.”

Ti sourit pè chat. Li kouri antre nan chanm dèyè a. Pandan tan sa a, zarenyen al louvri pou mouche Chat. Li di li: “Antre, frè mwen, m pral remèt dét ou touswit.” Men zarenyen kòmanse rakonte chat la tout sa li te wè yè. Li pale, li pale san rete.


Yon lòt moman, yon moun frape nan pòt la. Zarenyen mande: “Ki moun sa a?” “Wou! wou! se mwen, konpè Chen. Ou konnen sa ki mennen m.” Zarenyen di li: “Tann yon ti moman, map vini, wi!” Men anvan li louvri pou konpè Chen, li di mimi: “Si konpè Chen wè ou la, ou konnen I ap kouri sou ou. Vit, antre nan pyès dèyè a.” Chat la pokò antre, li wè ti sourit la. Li mete pat li sou li, li touye I epi li manje I.

Pandansetan, zarenyen louvri pòt la pou mouche Chen. Li di li: "Antre vit, zanmi mwen. M ap remèt ou dèt la touswit." Li fè chen an antre epi li kòmanse rakonte li istwa. Li pale, li pale.



Yon lòt moman, yon moun frape nan pòt la. Zarenyen mande: "Ki moun sa a?" "Se mwen menm, Leyopa. M te pwomèt ou vizit!" Zarenyen di li: "Map vini, tann yon ti moman, souple." Anvan li louvri bay konpè Leyopa, zarenyen di chen an: "Ou konnen, konpè Leyopa pa renmen ou. Si I wè ou, I ap vole sou ou. Ou konnen li mechan epi li gen fòs pase ou. Ou mèt kache kò ou nan pyès dèyè a!"

Konpè Chen kòmanse ap tranble. Li pa mande anpil esplikasyon. Li pokò antre, je I tonbe sou chat la. Konpè Chen pa pè ankò. Li vole sou li, li touye I la a rèdmò.



Pandan tan sa a, zarenyen louvri pòt la pou mouche Leyopa. Li di li: "Antre non, m pral remèt ou dèt la


touswit.” Li fè mouche Leyopa antre epi li kòmanse pale. Li pale, li pale san pran souf.

Yon lòt moman, moun tandem frape nan pòt la. Zarenyen mande: “Ki moun ki la a?” Mouche Lyon gwonde: “Se mwen menm!” Zarenyen prese reponn: “M ap vini, wi!” Men anvan li louvri pòt la pou Lyon an, li di mouche Leyopa: “M kwè Lyon pa zanmi ou. Si I wè ou, batay ap mare. Ou konnen ou ap pèdi. Konsèy m ba ou: kache kò ou nan pyès dèyè a pandan li pral vin la.” Leyopa pase nan pyès dèyè a. Lè l antre, li wè chen an. Li vole sou li, li pa fè de bouche.

Pandansetan, zarenyen louvri pòt la pou mouche Lyon. “Majeste Wa, m di ou antre, wi. Mwen t ap tann ou. Mwen te pare yon ti dine pou ou.” Pandan l ap pale, zarenyen louvri pòt chanm dèyè a. Lyon an wè leyopa. Li monte sou li, li kase rèldo l, li manje li tou kri. Lè Lyon an fin manje, li pa menm di mèsi. Li vire gade zarenyen: “Kounye a, ban mwen kòb mwen!” Zarenyen an di: “Majeste, kòb ou a, li la a nan lakou a, wi. Ou mèt vin pran l, wi.”

Zarenyen louvri pòt lakou a. Men jan zarenyen pale a fè Lyon fè kòlè. Li vole an lè pou li ka kraze l ak yon kout pat, men zarenyen fè yon eskiv. Lè

lyon tonbe, tè a louvri anba fòs li. Mouche Lyon tonbe nan twou pèlen chasè te fouye a. Li kase kou li, epi li ale nan peyi bwachat.



Se konsa zarenyen te rive touye ni ti sourit, ni chat, ni chen, ni leyopa, ni lyon, san li pa peye okenn dét.

ISTWA YON BOURIK

Te gen yon nèg ki fèk marye. Nèg la monte ak madanm li sou bourik li. Bourik la fè yon fopa. Nèg la di: "Sa fè yon fwa." Bourik la fè yon dezyèm fopa. Nèg la di: "Sa fè 2 fwa." Bourik la fè yon twazyèm fopa.

Nèg la desann bourik la ak madanm li, epi li touye bourik la.

Madanm li di: "Poukisa ou fè sa?" Nèg la di: "Sa fè yon fwa."

Chita Pa Bay

CHIKLÈT MAJIK

Bouki: Kisa ou ap moulen kon sa nan bouch ou la, Ti Malis?

Ti Malis: Yo rele I “chiklèt majik” - plis ou moulen I, plis ou vin entelijan! M ap moulen yon lòt moso epi m a gen anpil bon lide!

Bouki: Ou pa ta gen yon lòt la pou mwen, tanpri souple?

Ti Malis: M gen yon sèl lòt la ki rete. M a vann ou li pou senk pyas.

Bouki: O! o! kon sa m ta vin entelijan! Oke. Men senk pyas.

Ti Malis: Epi men “chiklèt majik” la.

Bouki: O! o! li bon papa! Kon sa ou kwè mwen entelijan, mwen jwenn anpil lespri? M pa konprann, non. M pa santi m diferan. O! o! m kwè se yon blag ou ap ban m la a!

Ti Malis: Se kon sa ou ap vin entelijan, ti papa!



Chita Pa Bay

FÈ M KADO YON TI PWASON

Vwala se te yon nèg yo te rele Jan Pòv. Li pa t gen kay, jaden ni fanmi! Li te sitèlman pòv, lè lapli tonbe, se anba pon an li dòmi. Lè larivyè a desann, dlo a mouye zòtèy pye li. Lè gwo kamyon ap pase, tout pon an souke sou tèt li, epi dlo te vin sal tout afè li. Chak midi nèg sa a desann nan bouk al mande lacharite.

Te gen yon bon sitwayen ki te rele Lifèt Gwozouzoun. Chak jou Gwozouzoun te fè yo ba li yon pwason. Te gen twòp pwason nan kay la, epi legliz rekòmande pou fè lacharite. Lè mouche Gwozouzoun te bay Jan Pòv yon pwason, li te santi li nèg debyen nètale! Epi chak lè Jan Pòv te resevwa pwason an, se pa t de (2) mèsi li te konn di, se pa t de (2) kout chapo li te konn voye pou mouche Gwozouzoun. Li pa t janm bouke repe: “Bondye va beni ou, Bondye va remèt ou sa.”

Konsa, avèk charite sa a ni Jan Pòv ni mouche Lifèt Gwozouzoun, yo toulede kontan: Jan Pòv te kontan paske li te jwenn manje pou li pa t mouri grangou, lòt msye a te kontan paske li te fè zèv. Jou ale jou vini, bagay la kontinye konsa.

Pi ba pon an, te gen yon lòt nèg ki te rete la, se

Jan Pechè. Chak jou msye pati byen bonè pou l al peche, li retounen lè labrin diswa ap tonbe.



Yon jou podjab,
m o u c h e
Gwozouzoun
tonbe malad. Tout
moun te ozabwa.
Jan Pòv menm te
nan gwo lapenn.
Men sanble lè a
rive pou mouche
Gwozouzoun. Yo

fè gwo lantèman premye klas. Eritye yo menm t ap diskite afè byen yo... yo blyie si te gen yon moun yo te rele Jan Pòv. Mezanmi! Nèg la te gen anpil lapenn vre, grangou t ap pete fyèl li anmenmtan. Li t ap kalkile: kounye a mouche Gwozouzoun mouri. Ki kote pou li ale plenyen sò li, kilès k apral ba li yon ti lacharite?


Yon jou li desann bò larivyè a, li fè yon ti chita, li fèmen je li, l ap lapriyè: "Bondye, tanpri souple, voye yon lòt bon pwochen vin sove lavi m, non." Lè I louvri je I, kilès li wè k ap vini! Jan Pechè, privye li sou do I, gwo panyen pwason li nan men I. Lè Jan Pòv wè nèg la, li di nan kè I: "Nèg sa a pa fouti bon. Li pye atè, dèyè kanson I chire menm

jan avè m. Yon sèl bagay: li miyò pase m paske li konn kenbe pwason.”

Men grangou a fè Jan Pòv mande I kanmenm: “Tanpri, vye frè m, pou lanmou Bondye, fè m kado yon ti pwason. Depi mouche Gwozouzoun mouri, menm dlo sèl mwen pa goute nan bouch mwen!”

Jan Pechè reponn: “Vye frè, mwen pa kapab, non. Kote ou wè sa a ye la a, li pa menm ase pou m bay madanm, pitit, ti frè, ti sè. Pou jan m wè ou ba la a, m ap oblige ba ou yon ti piti. Men ou pa bezwen konte sou mwen pou m ba ou youn chak jou. Si ou vle, denmen maten bonè bonè, nou ka ale ansanm lè m pral peche. Konsa m a montre ou kenbe pwason, ou pa p bezwen mande ankò. Se konsa Jan Pòv te tounen yon gwo pechè pwason. Li te kite metye mande.

Kilès ki te fè plis byen pou li? Moun ki te konn ba li pwason, oubyen moun ki te montre li kijan pou kenbe pwason?



DEGOUDEN POU BONDYE

Yon samdi swa, papa Ti Lifèt te ba li yon pyas.
“Degouden, se pou bay legliz denmen maten. Ak
lòt degouden an, ou mèt al achte yon krèm.”

Ti Lifèt kouri vit soti lakay li. L ale nan boutik
krèm lan, men, anvan li rive la, li tonbe: bip! Epi
yon degouden tonbe tou: bling... Yon gwo chen
vale !

Ti Lifèt di: “O! o! erezman se degouden papa
Bondye a chen an vale la a!”

Chita Pa Bay



ADAN E ÈV, AK YON TI SOURIT

Yon jou yon msye ak madanm li ale nan jaden.
Jaden an te tèlman lwen, lè yo rive pou yo travay,
fatig te gentan pran yo. Yo reziyen yo, yo antre
nan travay. Solèy bat yo, pikan pike yo, fwonmi
ak flanman mòde yo, men yo travay toujou.

Apremidi, yon sèl lapli pran yo. Yo pati anba
tout lapli a. Lapli a bat yo jouk tan yo angoudi.
Solèy kouche yo nan wout. Branch bwa rale yo
adwat agòch. Yo tonbe nan labou. Epi tout malè
rive yo.


Lè yo rive lavil, yo pase bò kay Wa. Y ap
plenyen, y ap di konsa: “Se Adan e Èv ki lotè tout
sa n ap pase la.” Wa a tandé sa, li fè yo antre nan
bèl palè li, epi li mande yo poukisa y ap plenyen
konsa. Yo rakonte Wa a tout sa yo pase, e yo
repete ankò se Adan e Èv ki lotè tout sa. Nan jaden
Edenn yo te byen nèt, yo pa t bezwen dezobeyi
Bondye.

Wa a di: “Pe bouch nou, tandé. Vin jwenn
mwen.” Li mete yo nan yon bèl kay ak bèl mèb,
gwo kabann, ak anpil donmestik pou sèvi yo. Chak
repa, Wa a vin wè si yo jwenn tout bon manje yo
bezwen. Lè fini, li di yo: “Bon apeti,” epi li ale.

Yon jou Wa a fè mete tout kalite manje sou tab la. Nan mitan tab la te gen yon bél soupyè ki gen yon ti sourit kouvri ladann. Wa a vin di yo: "Nou mèt manje tout sa nou vle, jan nou vle. Sèlman, pa touche soupyè a ki nan mitan tab la, non. Bon apeti." Epi li ale.

Kou li bay do, yo pa menm kòmanse manje, madanm lan di: "Fò m wè sa ki nan soupyè a!" Kou li dekouvri soupyè a, ti sourit la, vloup, li voltije atè, epi l al fè wout li.

Sezisman pran yo. Yo pa menm ka goute anyen. Wa a vin wè si yo byen manje, e li wè tout manje yo la. Li mande yo: "Apa jodi a nou pa manje? Gen lè manje pa nan gou nou?" Yo reponn: "Wi, Wa, n ap manje, wi."



Wa a fè yo pote soupyè a ba li, epi li mande: "Kote ti sourit la ki te nan soupyè a?" Yo rete bèbè. Wa a di: "Se konsa n ap plede akize moun, epi nou fè pi mal." Wa a mete yo deyò.

Konsa, lè nou wè pwochen fè yon fòt, pase nou ap pale li mal, pito pou nou veye kò nou, epi pou nou kontwole lavi pa nou.

Venewon Altidò, Tirivyè Latibonit

DE KANNA POU PLIMEN

Te genyen de mesye ki te nan yon kont pou yon ti lizyè tè. Yo vin twouve yo nan lajistis. Youn nan yo ale lakay yon avoka. Li di: "Mèt, mwen vin kote ou pou regle yon nèg pou mwen. Li vle pran ti tè mwen."

Avoka a di li: "Oke, m pral regle li pou ou. Men ou ap ban mwen san goud toujou."

Nèg la bay avoka a san goud la. Apenn li vire do, lòt la parèt kote menm avoka a. Li di tou: "Mèt, mwen vin kote ou pou regle yon nèg pou mwen. Li vle pran ti tè mwen."

Mèt la menm ki déjà pran san goud nan men lòt la, di li: "Kòm mwen p ap la, m a ba ou yon mèt ki pou regle sa pou ou, menm jan si se te mwen menm. Èske ou konnen li ak ekri?"

Nèg la reponn: "Non." Avoka a ekri yon ti papye. Li ba li pou pote bay lòt avoka zanmi li, ki make: "Gen de kanna ki vin poze sou mwen. Alò mwen plimen youn nan yo. Mwen voye lòt la pou ou plimen li tou."

Lè nèg la rive, vrèman lòt avoka a pran nan men I san goud.

**Paske nèg la pa t konn li, se sa k fè li pa t wè sa
li te pote a. Reyèlman vre, alfabetizasyon se yon
vrè richès. Se vrè revolisyon. Se konnen li ki ede
yon moun nan tout sa l ap fè.**

Andre Nwèl, Piyon



FÒK TOUT MOUN KONN LI.

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5111-5

MOUN KONN EKRI.



9 780840 051110



50200

FREEMAN, BRYANT

ANN BAY LODYANS VOL.3

GCON

02/23/01